Les Cahiers du DSNCRP
VOLUME 1 NUMÉRO 2 JUILLET 2008
HAITI
DOCUMENT DE STRATÉGIE NATIONALE POUR LA CROISSANCE ET POUR LA RÉDUCTION DE LA PAUVRETÉ



# ENGAGEMENT DU GOUVERNEMENT ET INTRODUCTION DU DSNCRP

### 1. Quelle est la position du gouvernement par rapport au DSNCRP ?

Dans l'Avant-propos du texte du DSNCRP, le Premier ministre fait de la réussite du saut qualitatif, la tâche principale du gouvernement, affirmant que la Stratégie nationale de croissance et de réduction de la pauvreté s'inscrivait en continuité avec, entre autres, l'énoncé de politique générale – de ce même gouvernement – qui a été ratifié par le Parlement en 2006.



### 2. En quoi consiste l'engagement du gouvernement dans la mise en action du DSNCRP ?

Reconnaissant que le DSNCRP « est issu d'un vaste processus participatif qui engage toutes les composantes de la société haïtienne », le chef du gouvernement déclare qu'il engage, de ce fait, au premier chef l'équipe qu'il dirige. En ce sens, l'État haïtien s'efforce à « mettre en place les mécanismes d'intervention et de dialogue adéquats capables de canaliser les efforts vers le mieux-être du peuple haïtien ».

### 3. Qu'est-ce qui permettra au gouvernement de concrétiser la mise en place de la stratégie ?

Le rapport de confiance des principaux partenaires financiers ainsi qu'un rapport de solidarité en continuité avec les efforts consentis jusqu'à présent.

## CONTEXTE D'ÉLABORATION

### 4. Dans quelles circonstances intervient la préparation du DSNCRP ?

Les multiples défis auxquels fait face notre pays interpellent la conscience collective. Toute la population haïtienne aspire à un mieux-être immédiat et stable. C'est dans ce contexte que le DSNCRP a été préparé, notamment pour affronter les défis et satisfaire la population.

### 5. Quelle était la situation de pauvreté du pays à la veille de la préparation du DSNCRP ?

Selon les estimations, Haïti occupait, en 2005, le 153e rang à l'échelle du développement humain, en nette régression par rapport à l'année 2000 (146e rang). La pauvreté et les inégalités sociales y sont flagrantes. Des données établies en 2001 ont révélé que 56 % de la population haïtienne vivaient en-dessous de la ligne de pauvreté extrême estimée à 40 gourdes par personne par jour.

TOUTE LA POPULATION HAÏTIENNE ASPIRE À UN MIEUX-ÊTRE IMMÉDIAT ET STABLE ... LE DSNCRP A ÉTÉ PRÉPARÉ, POUR AFFRONTER LES DÉFIS ET SATISFAIRE LA POPULATION

## LE PROCESSUS PARTICIPATIF

### 6. Quel a été le processus d'élaboration du DSNCRP ?

Ce processus a été défini en fonction d'expériences antérieures d'Haïti dans l'élaboration du DSRP intérimaire en 2005 et a impliqué un ensemble de partenaires dans l'élaboration du document incluant la population cible elle-même, en l'occurrence, les pauvres, la presse, les syndicats, les coopératives, les associations professionnelles, les chambres de commerce et d'industrie, les organisations de droits humains, les femmes, les jeunes, etc. , le secteur formel et informel des affaires, les administrations centrales, déconcentrées et décentralisées de l'État, les institutions indépendantes de l'État, les universités, les ONG, les parlementaires, les élus locaux (Maires et Casec), les organisations et/ou associations



... LE DSNCRP « EST ISSU D'UN VASTE PROCESSUS PARTICIPATIF QUI ENGAGE TOUTES LES COMPOSANTES DE LA SOCIÉTÉ HAÏTIENNE »



de base, les agences d'aide ou de coopération multilatérale et bilatérale, etc.

### 7. En quoi consistait le processus participatif ?

Ce processus participatif a comporté deux (2) phases : Sensibilisation/consultation et Participation. La première phase dite de sensibilisation/consultation a consisté en trois (3) types d'ateliers : 10 Ateliers de sensibilisation **(AS),** 10 Ateliers thématiques **(AT)** et les 10 Ateliers Départementaux **(AD).** La deuxième phase du processus (phase de participation) a été organisée en trois étapes : les 10 Forums communaux de validation (**FCV**), les 10 Forums départementaux de validation (**FDV**) et le Forum national de validation **(FNV).** 8. Quels ont été les sujets à l'ordre du jour, lors de ces ateliers et forums ?

Tant au niveau sectoriel que national, les débats se sont déroulés autour des principaux thèmes suivants : Croissance favorable aux pauvres ; Gouvernance et réformes institutionnelles ; Développement des secteurs sociaux ; Diagnostics socioéconomiques sectoriels et départementaux ; Diagnostics sectoriels et départementaux de la pauvreté humaine ; Secteurs transversaux.

### 9. Quels ont été les objectifs poursuivis ?

**Ateliers de sensibilisation**- informer les différents acteurs sur les objectifs, les enjeux et les caractéristiques du DSNCRP.

**Ateliers thématiques** - faire l'état des lieux, diagnostiquer, analyser et dégager des politiques alternatives en ce qui concerne les différents secteurs. Le développement humain, la bonne gouvernance et les vecteurs de croissance ont été les principaux domaines abordés.

**Ateliers départementaux** - sensibiliser les participants sur le processus, partager ou expérimenter les résultats des ateliers thématiques et établir des éléments de diagnostic, d'analyse et de perspectives en ce qui concerne chacun des départements géographiques du pays.

### 10 Quels ont été les résultats obtenus ?

Participation de 5200 personnes ; amélioration des perceptions sur les objectifs du DSNCRP ; information et mobilisation des intervenants, des populations et des partenaires du développement sur les thématiques de croissance et de réduction de la pauvreté ; association des différentes parties prenantes à la réflexion, participation, priorisation, prise de décision, mise en œuvre et suivi-évaluation des actions identifiées pour contribuer à la croissance et à la réduction de la pauvreté ; adhésion de la population aux politiques publiques et actions prioritaires retenues pour la mise en œuvre et le suivi-évaluation du DSNCRP; engagement pour le renforcement des capacités de collecte, de traitement et de diffusion de l'information tant au niveau du secteur public qu'au niveau des organisations de la société civile à travers un Observatoire de la pauvreté et de l'exclusion sociale (ONPES) à mettre en place; engagement pour le renforcement des capacités des organisations de la société civile en vue d'obtenir leur pleine participation au processus à travers l'identification et l'évaluation continue des groupes et/ou associations de base.

## LE CADRE INSTITUTIONNEL DU PROCESSUS PARTICIPATIF AU NIVEAU NATIONAL ?

### 11. Quel était le cadre institutionnel du processus participatif au niveau national ?

Une Commission de préparation du DSNCRP a été créée par arrêté présidentiel, le 5 décembre 2006, avec pour mission de définir les grandes orientations politiques et stratégiques et de diriger le processus d'élaboration du document à tous les niveaux : national, départemental, local.

### 12. Y a-t-il eu d'autres instances d'intervention dans ce processus de participation ?

À côté de la Commission de préparation, on a retrouvé le Comité d'appui des bailleurs de fonds (CABF) – structure d'accompagnement et d'appui au processus d'élaboration du DSNCRP complet, le Secrétariat Technique (ST) – lequel assurait la conduite de l'ensemble des activités de planification et d'élaboration du document et la Coordination Départementale qui intervenait aux niveaux départemental et local.



LE DSNCRP RENFERME SIX PARTIES: UN DIAGNOSTIC DE LA PAUVRETÉ ET DE L'INÉGALITÉ; LA VISION DES ACTEURS ÉTATIQUES ET NON ÉTATIQUES AINSI QUE LES DÉFIS À L'HORIZON 2015; LES POLITIQUES ET AXES STRATÉGIQUES SECTORIELS D'INTERVENTION; LE CADRE MACRO-ÉCONOMIQUE ET DES OBJECTIFS DE STABILISATION ET DE CROISSANCE; LA MISE EN ŒUVRE ET LE SUIVI; LE CHIFFRAGE ET LE FINANCEMENT DE LA STRATÉGIE.

L'ÉTAT HAÏTIEN S'EFFORCE À « METTRE EN PLACE LES MÉCANISMES D'INTERVENTION ET DE DIALOGUE ADÉQUATS CAPABLES DE CANALISER LES EFFORTS VERS LE MIEUX-ÊTRE DU PEUPLE HAÏTIEN »

## PLAN DU DOCUMENT

### 13. Quel est le contenu du DSNCRP ?

Le DSNCRP renferme six parties.

La première propose un diagnostic de la pauvreté et de l'inégalité sur la base des dernières données d'enquête disponibles. La deuxième met en relief la vision des acteurs étatiques et non étatiques ainsi que les défis à l'horizon 2015. La troisième présente les politiques et axes stratégiques sectoriels d'intervention en trois piliers: Vecteurs de croissance ; Développement humain et Gouvernance démocratique.

Ces trois piliers sont appuyés par douze thématiques spécifiques ou transversales : i/ l'équité de genre ; ii/ les droits humains ; iii/ l'environnement ; iv/ la gestion des risques et désastres ; v/ la lutte contre le VIH/SIDA ; vi/l'aménagement du territoire ; vii/ la pauvreté des enfants ; viii/ l'emploi des jeunes ; ix/ le développement urbain ; x/le renforcement des capacités.

La quatrième partie traite du cadre macro-économique et des objectifs de stabilisation et de croissance. La cinquième partie traite de la mise en œuvre et du suivi de la stratégie de croissance et de réduction de la pauvreté. Enfin, la sixième partie traite du chiffrage et du financement de la stratégie.

Les Cahiers du DSNCRP
VOLUME 1 • NUMÉRO 2

# ANGAJMAN GOUVÈNMAN AN AK PREZANTASYON DSNCRP

**1. Ki sa gouvènman an panse de DSNCRP ?**

Nan premye mo ki nan tèks DSNCRP, Premye minis la konsidere premye gwo travay gouvènman an, se fè gwo pa valab la reyisi. Li montre Plan batay pou gen kwasans ekonomik ak rediksyon povrete a, sa antre nan menm lide gouvènman an te defini lè l te fè deklarasyon politik jeneral li, Palman an te ratifye an 2006 la.

**2. Ki kalte angajman gouvènman an pran pou kanpe DSNCRP a ?**

Chèf gouvènman an rekonèt DSNCRP a fè pati « yon gran gran pwosesis patisipasyon kote se tout sektè nan sosyete ayisyen an ki te mete men ansanm », epi li deklare kon sa ekip lap dirije a konsène an premye nan aktivite sa a. Nan sans sa a, Leta ayisyen ap fè efò pou l « kanpe sistèm pou entèvansyon ak dyalòg, dekwa pou rann tout efò kap fèt yo rive fè pèp ayisyen an vin gen yon lavi miyò ».

**3. Ki sa kap pèmèt gouvènman an rive kanpe estrateji sa a kòmsadwa ?**

Se konfyans prensipal patnè finansye yo ak jan tout aktè ki konsène kanpe youn dèyè lòt pou kontinye tout efò ki deja fèt yo.

## NAN KI KONTÈKS YO PREPARE DOKIMAN AN

**4. Nan ki sikonstans yo vin prepare DSNCRP a ?**

Pakèt difikilte peyi a ap andire yo, se bagay ki reveye konsyans tout moun. Tout moun nan peyi a ta renmen pou kondisyon lavi yo chanje sans pèdi tan epi pou yo pa tounen tonbe nan mizè ankò. Se nan kontèks sa a yo prepare DSNCRP a, patikilyèman pou yo ka leve tout defi ki prezante epi pou soulaje popilasyon an.

**5. Nan ki sitiyasyon povrete peyi a te ye, nan moman yo ta pral prepare DSNCRP a ?**

Dapre kalkil ki fèt an 2005, peyi d Ayiti te $153^{yèm}$ plas nan echèl devlopman moun . Sa ki montre se bak peyi a fè, pa rapò ak lane 2000 (kote l te nan $146^{yèm}$ plas). Povrete ak inegalite sosyal se bagay ki parèt aklè nan peyi a. Gen kalkil ki fèt an 2001 ki montre gen 56 % nan popilasyon ayisyen an k ap viv nan yon povrete dènye degre, sa vle di moun sa yo rive fè sèlman 40 goud pa jou, pa tèt .

> DSNCRP A FÈ PATI « YON GRAN GRAN PWOSESIS PATISIPASYON KOTE SE TOUT SEKTÈ NAN SOSYETE AYISYEN AN KI TE METE MEN ANSANM »

## PWOSESIS PATISIPASYON AN

**6. Ki mwayen yo itilize pou prepare DSNCRP a ?**

Pwosesis patisipasyon an chita dapre eksperyans Ayiti te fè anvan sa, lè yo t ap prepare DSRP pwovizwa a an 2005 epi gen yon seri patnè ki te konsène nan preparasyon dokiman an ; se prensipalman moun ki pòv yo menm, laprès, sendika, koperativ, asosiyasyon pwofesyonèl, chanm komès ak endistri, òganizasyon dwa moun, fi, jenn moun, eks., gwoup tout kalte ki okipe afè komès, administrasyon santral ak administrasyon desantralize Leta, enstitisyon ki pa depann de Leta, inivèsite, ONG, palmantè, moun pèp la eli (majistra, kazèk), òganizasyon ak asosiyasyon de baz, ajans pou èd oswa koperasyon ant plizyè peyi oswa ant de peyi, eks.

**7. Ki sa ki nan pwosesis patisipasyon sa a ?**

Pwosesis patisipasyon an te gen de faz ladan : Sansibilizasyon /kontak ak Patisipasyon. Premye faz la, ki rele sansibilizasyon/kontak, fèt avèk twa kalte atelye : 10 Atelye sansibilizasyon (AS), 10 Atelye tematik (AT) ak 10 Atelye depatmantal yo (AD). Dezyèm faz pwosesis la (faz patisipasyon) te fèt nan twa etap : 10 Fowòm kominal validasyon (FKV), 10 Fowòm depatmantal validasyon (FDV) ak Fowòm nasyonal validasyon (FNV) an.



Les Cahiers du DSNCRP
VOLUME 1 • NUMÉRO 2

NAN SANS SA A, LETA AYISYEN AP FÈ EFÒ POU L « KANPE SISTÈM POU ENTÈVANSYON AK DYALÒG, DEKWA POU RANN TOUT EFÒ KAP FÈT YO RIVE FÈ PÈP AYISYEN AN VIN GEN YON LAVI MIYÒ ».

### 8. Ki sijè yo te abòde pandan atelye ak fowòm sa yo ?

Men sou ki sijè deba yo te dewoule, ni nan nivo sektoryèl ni nan nivo nasyonal : Kwasans ki anfavè pòv yo ; Gouvènans ak refòm enstitisyonèl ; Devlopman sektè sosyal yo ; Nan ki pwen nou ye sou plan sosyoekonomik ni nan nivo sektoryèl ni nan nivo depatman ; Nan ki pwen povrete a ye ni nan nivo sektoryèl ni nan nivo depatman ; Sektè ki rekouvri plizyè domèn diferan.

### 9. Ki objektif yo te genyen ?

**Atelye sansibilizasyon** – Mete diferan aktè yo okouran objektif DSNCRP a genyen, sou ki sa dokiman an jwe ak sa ki fòme li.

**Atelye tematik** – Kontwole ki jan sitiyasyon an prezante, nan ki pwen pwoblèm yo rive, fè analiz epi detèmine divès lòt chwa diferan sektè yo pwopoze. Prensipal domèn yo te bòde se devlopman moun, bon jan gouvènans ak fòs ki pou pèmèt kwasans lan fèt yo.

**Atelye depatmantal** – Enterese patisipan yo sou pwosesis la, pataje rezilta atelye tematik yo oswa fè eksperyans rezilta yo epitou tabli tout eleman ki pou ede nan detèmine nan ki pwen bagay yo ye oswa nan fè analiz ak pèspektiv, nan ka chak depatman jewografik peyi a.

TOUT MOUN NAN PEYI A TA RENMEN POU KONDISYON LAVI YO CHANJE SANS PÈDI TAN EPI POU YO PA TOUNEN TONBE NAN MIZÈ ANKÒ... YO PREPARE DSNCRP A POU YO KA LEVE TOUT DEFI KI PREZANTE EPI POU SOULAJE POPILASYON AN.

### 10. Ki rezilta yo te rive jwenn ?

Patisipasyon 5 200 moun ; moun vin konprann objektif DSNCRP yo pi byen ; enfòmasyon ak mobilizasyon ni moun ki te pran lapawòl, ni popilasyon an, ni patnè pou devlopman yo, sou ansanm tèm kwasans ak rediksyon povrete yo ; tèt ansanm ant tout pati ki patisipe nan refleksyon yo, nan desizyon pou yo pran yo, ak akonplisman, evalyasyon ak kontinyasyon aktivite yo rive idantifye yo, pou rann kwasans lan ak rediksyon povrete a posib ; aseptasyon popilasyon an pou yo apiye politik piblik yo ak aksyon ki pi enpòtan oubyen pi ijan yo kenbe, pou aplikasyon ak kontinyasyon-evalyasyon DSNCRP a ; angajman pou ranfòse kapasite enfòmasyon y ap ranmase ak fason pou met enfòmasyon sa yo deyò, ni nan nivo sektè piblik ni nan nivo òganizasyon nan sosyete sivil la, atravè yon Obsèvatwa povrete ak moun sosyete a kite sou kote (ONPES, an franse), yo dwe mete kanpe ; angajman pou ranfòse kapasite òganizasyon sosyete sivil la, pou yo kab bay yon patisipasyon total nan pwosesis la, atravè fason yo evalye gwoup ak asosiyasyon de baz yo.



## KAD ENSTITISYONÈL PWOSESIS PATISIPASYON AN

### 11. Sou ki kad enstitisyonèl pwosesis la te chita, nan nivo nasyonal ?

Gen yon dekrè prezidansyèl ki te kreye yon Komisyon preparasyon DSNCRP a, 5 desanm 2006. Travay Komisyon sa a se te defini tout gwo oryantasyon politik yo ak sou ki ang pou yo dirije plan batay la, epitou Komisyon an la pou l dirije pwosesis preparasyon dokiman an ni nan nivo nasyonal ni nan nivo depatmantal ni nan nivo lokal.

### 12. Èske gen lòt eleman ki entèvni nan pwosesis patisipasyon sa a ?

Akote Komisyon preparasyon an, nou jwenn Komite pou apiye moun k ap bay finansman yo (Comité d'appui des bailleurs de fonds – CABF) ki Se yon chapant òganizasyon pou akonpaye epi apiye pwosesis preparasyon DSNCRP a o konplè, yon Sekretarya Teknik (Secrétariat technique – ST), ki la pou garanti jan y ap mennen tout aktivite planifikasyon ak preparasyon dokiman an, ak yon Kowòdinasyon depatmantal (Coordination départementale) ki travay nan nivo depatman ak nivo lokal.



DSNCRP GEN SIS PATI LADAN KI SE: MONTRE NAN KI PWEN POVRETE AK INEGALITE SOSYAL LA YE; SOULIYE FASON DIVÈS AKTÈ YO (NAN LETA OSWA NAN PRIVE) WÈ SITIYASYON AN, ANSANM AK DEFI KI KAB PREZANTE NAN ZÒN ANE 2015 YO ; PREZANTE POLITIK AK NWAYO KI NAN SANT PLAN BATAY POU CHAK SEKTÈ KOTE AKTIVITE YO AP CHITA; CHITA SOU KAD AK POLITIK MAKWOEKONOMIK YO ANSANM AK OBJEKTIF POU GEN YON SISTÈM KI FÈ EKILIB EPI POU PÈMÈT KWASANS FÈT. OKIPE APLIKASYON AK KONTINYASYON PLAN BATAY POU KWASANS AK REDIKSYON POVRETE. KALKILE SOU KONBYEN SA AP KOUTE AK FINANSMAN POU PLAN BATAY LA.

PWOSESIS PATISIPASYON AN TE GEN DE FAZ LADAN : SANSIBILIZASYON /KONTAK AK PATISIPASYON

## PLAN DOKIMAN AN

### 12. Ki jan DSNCRP a prezante ?

DSNCRP gen sis pati ladan.

Premye pati a montre nan ki pwen povrete ak inegalite sosyal la ye, apati rezilta dènye ankèt ki te fèt yo. Dezyèm pati a souliye fason divès aktè yo (nan leta oswa nan prive) wè sitiyasyon an, ansanm ak defi ki kab prezante nan zòn ane 2015 yo . Twazyèm pati a prezante politik ak nwayo ki nan sant plan batay pou chak sektè kote aktivite yo ap chita, dapre twa poto mitan : Fòs pou pèmèt kwasans yo fèt ; Devlopman moun ak Gouvènans demokratik.

Twa poto mitan sa yo jwenn fòs nan douz ansanm tèm byen presi yo ki rele sektè ki rekouvri plizyè domèn : i/ ii/dwa moun ; iii/anviwònman ; iv jesyon danje yo ak devas yo ; iv/ v/ batay kont VIH/SIDA ; vi/ planifikasyon pou fè ranjman sou teritwa a ; vii/ povrete timoun ; vii/ djòb pou jèn yo ; ix/ devlopman zòn lavil yo ; x/ ranfòsman kapasite yo.

Katriyèm pati a chita sou kad ak politik makwoekonomik yo ansanm ak objektif pou gen yon sistèm ki fè ekilib epi pou pèmèt kwasans fèt. Senkyèm pati a okipe aplikasyon ak kontinyasyon plan batay pou kwasans ak rediksyon povrete. Finalman, nan sizyèm pati a, gen kalkil sou konbyen sa ap koute ak finansman pou plan batay la.